PUPUH XXIII: GIRISA (8a, 8a, 8a, 8a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	(h. 1) Mapan lajěng inginggahan saking Lědhok Gowong ika Mas Tuměnggung Andakara ing Gowong Gajah Prěmada	Lalu diserang (dari atas) dari Ledok Gowong ialah Mas Tumenggung Andakara, di Gowong Gajah Premada.
2.	Ingkang dadya pangiridnya Mas Rangga Prawirayuda ing Parakan sampun prapta nulya piněthuk ing yuda	Yang menjadi pemimpinnya Mas Rangga Prawirayuda. Sudah sampai di Parakan lalu disambut dalam pertempuran,
3.	Sumadilaga kuciwa měngkana sampun palěstra ingkang mějahi punika pan děmangira priyangga	Sumadilaga terkalahkan. Demikianlah sudah wafat, yang membunuh demangnya sendiri,
4.	Sěcapati namanira wus bědhah Parakan ika měngkana ingkang winarna sagunging putra santana	Secapati namanya. Selesai penyerangan Parakan. Demikianlah diceritakan, beberapa putra dan kerabat
5.	Kang dadya senapatika sědaya samya sulaya lan ingkang ngěmbani ika Pangeran Hadiwinata	yang menjadi Senapati, semua mengingkari, yang memulai Pangeran Hadiwinata,
6.	Pangeran Jayakusuma lan Pangeran Mangkudiningrat[1] Pangeran Anatapraja Pangran Bubakar ika[2]	Pangeran Jayakusuma, dan Pangeran Mangkudiningrat, Pangeran Anatapraja, Pangeran Abu Bakar,
7.	Lan Pangran Balitar ika sědaya ngandika nulya	dan Pangeran Balitar. Semua lalu

[1] Lebih satu suku kata.
[2] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring Sělarong (h. 2) sampun prapta lajěng tan pinaring karya	ke Selarong, sudah sampai lalu tidak diberi tugas.
8.	Nging Pangran Balitar ika nuhun mring Pagělen kewala sěnadyan silih kenděla měngkana linilan nulya	Hanya Pangeran Balitar memohon (tetap) di Bagelen saja, walaupun diberhentikan, tetap diijinkan. Lalu
9.	Pangeran Mangkudiningrat lan Pangeran Natapraja sědaya lan sědhereknya pan kinen mring Kědhu samya	Pangeran Mangkudiningrat dan Natapraja, semua saudaranya diperintahkan ke Kedu semua,
10.	Baris ing Langon punika měngkana ingkang winarna Jendral Dhě Kok sampun prapta něgari ing Surakarta	siaga di Langon. Demikianlah diceritakan Jendral de Kock sudah tiba di negeri Surakarta
11.	Lajěng dhumatěng Ngayogja krěrig gung putra santana ing Surakarta sědaya lan Pangran Mangkunagara	lalu menuju Yogyakarta. Dikerahkan semua putra dan kerabat di Surakarta semua serta Pangeran Mangkunegara.
12.	Samarga-marga ayuda nanging gung kang jagi marga sědaya tan ana kuwawa saking kathahnya lan nira	Sepanjang jalan bertempur, tetapi banyak yang menjaga jalan, semua tak ada yang bisa (mengalahkan) karena banyak (yang menjaga).
13.	Měngkana mapan wus prapta Jendral Něgari Ngayogja lajěng akintun nuwala mring Risang Murtining Yuda	Demikianlah sudah tiba Jendral di negri Yogyakarta, lalu mengirim surat kepada Sang Unggulan Perang.
14.	Bupati ingkang dinuta Ranadiningra- (h. 3) t namanya mapan sampun apěpanggya	Bupati yang diutus, Ranadiningrat namanya. (Ia) sudah bertemu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan Pangeran Suryenglaga	dengan Pangeran Suryenglaga.
15.	Wus katur ingkang nuwala mring Pangeran Suryenglaga kang dinuta ingandhěg nulya mapan kinen ngěntosana	Surat sudah disampaikan kepada Pangeran Suryenglaga, yang diutus lalu diminta tinggal diminta menunggu.
16.	Kature ingkang nuwala mring Kang Siněmbah Ngayuda měngkana ingkang winarna risang pan miyos sineba	Surat disampaikan kepada Sang Sesembahan Perang. Demikianlah diceritakan, beliau sedang di penghadapan
17.	Munggeng Masjid Agěng ika pěpak kang para ngulama pandhita sarip kaji ka myang sagung putra santana	di Masjid Agung, Lengkap para ulama, pendeta sarif haji, serta semua putra dan kerabat.
18.	Těnapi ingkang pra pratiwa[3] nung anung kang munggeng ngarsa tan těbih lawan kang rama Ki Maja Ki Kwaron ika	Demikian juga para pengikut, para pembesar yang di depan, tak jauh dari ayahanda, Ki Maja dan Ki Kwaron.
19.	Nulya Pangran Suryenglaga ngaturakěn kang nuwala saking Jendral Dhě Kok ika mring Risang Murtining Yuda	Lalu Pangeran Suryenglaga menyampaikan surat dari Jendral de Kock kepada Sang Unggulan Perang.
20.	Měngkana lon ngandika wau dhumatěng kang rama Jěng Pangran Mangkubumika Kyai mangsa bodho- (h. 4) a	Demikianlah halus katanya, “Kepada ayahanda Kanjeng Pangeran Mangkubumi. Kyai terserahlah
21.	Kalawan si Paman Maja wangsulan layang punika kawula wus tan uninga	dengan Paman Maja.” Jawaban surat itu, “Aku sudah tidak (mau) tahu,

[3] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	denrěmbaga kang prayoga	berembuglah baik-baik.”
22.	Nulya luwar kang sinewa kondur měsanggrahan ika neng měsjid lawan Ki Maja[4]	Lalu selesai penghadapan, kembali ke pesanggrahan, di masjid Bersama Ki Maja
23.	Lan Pangeran Suryenglaga Pangeran Jayakusuma samya angrěmbag kewala badhe angsul-angsul ika	dan Pangeran Suryenglaga, Pangeran Jayakusuma. Semua membicarakan rencana jawaban
24.	Mring Jendral Dhě Kok tumulya těmbung ingkang kara-kara punika ingkang nuwala Kangjěng Pangran Mangkubumya	kepada Jendral de Kock, lalu menyusun kata dan kalimatnya. Inilah surat Kanjeng Pangeran Mangkubumi
25.	Dhatěnga ingkang sudara Jendral Dhě Kok risampunnya tabe kawula punika dene jěngandika tanya	kepada Saudara Jendral de Kock. Salam saya ini karena Anda bertanya
26.	Měnggah karsane Ki Arya estu yen tan gadhah karsa rumiyin myang sapunika nging luhure kang agama	tentang kehendak Ki Arya, sungguh tak mempunyai kehendak, dahulu dan sekarang, hanya keluhuran agama
27.	Ing tanah Jawa sadaya kělamun estu (h. 5) panduka tan měkewědi punika mring agamane Ki Arya	di tanah Jawa semuanya. Benar jika Anda tidak mempersulit agama Ki Arya.
28.	Měnggah karsane Ki Arya estu yen tan gadhah karsa rumiyin lan sapunika luhuring agami Jawa	Adapun kehendak Ki Arya Sungguh tak mempunyai kehendak, dahulu dan sekarang, (hanya) keluhuran agama Jawa,

[4] Bait 22 kurang satu baris.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
29.	Eslame ing tanah Jawa pan něnggih purun Ki Arya papanggih lan jěngandika nanging anědha pratandha	Islam di tanah Jawa. Adapun Ki Arya bersedia bertemu dengan Anda, tetapi mohon tAnda
30.	Ěcap lawan kang pratela sěmados ing dintěnira lan pundi ěnggen panggiha yen andika bakta[5] bala	cap dan pernyataan, kesepakatan hari dan di mana pertemuannya. Kalau Anda membawa prajurit,
31.	Ki Arya gih bakta bala yen jěngandika pribadya Ki Arya gih pribadya[6] wus titi ingkang nuwala	Ki Arya juga membawa prajurit. Kalau Anda sendiri, Ki Arya juga sendiri. Sudah selesai surat (ditulis),
32.	Sampun pinaringkěn ika mring Ranadiningrat nulya kinen mantuk mring Ngayogja mapan wus datan winarna	sudah diberikan kepada Ranadiningrat lalu diperintah ke Yogyakarta. Sudah tidak diceritakan.
33.	Ing Sělarong kawarnaa Risang Masiseng Ngalaga kinuběl kang pra ngulama myang sagung putra santana	Di Selarong diceritakan, Sang Penguasa Perang dikelilingi para ulama, dan semua putra serta kerabat,
34.	(h. 6) Sarip lawan khaji ika ngulama lan pra pratiwa Kyai Kwaron lan Ki Maja kang rama sangět turira	Sarif dan haji, ulama dan para hamba, Kyai Kwaron dan Ki Maja. Ayahanda sangat mendesak
35.	Ngaturan juměněng nata sabab ayuda kukumnya kang prapta ing sabilira	meminta bertahta sebagai raja, sebab peperangan hukumnya, yang sampai sabilnya,

[5] Sesuai konteks dibaca: *běkta.*
[6] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan timbangnya ngaběn bala	dan pertimbangan mengadu prajurit.
36.	Punika Jendral wus prapta lamun datan juměněnga sayěkti mapan kuciwa lan kathah pakewědira	Ini Jendral sudah datang, kalau tidak bertahta, sungguh sangat tidak layak? dan akan banyak kesulitannya.
37.	Ing aprang panggih bicara sabab wus samya nalendra dadya tan wontěn kuciwa nging kantun pasrah Yyang Sukma	Dalam peperangan bertemu dan berunding sebab sudah sama-sama raja, sehingga tidak ada yang terkalahkan hanya tinggal pasrah Hyang Sukma.
38.	Kangjěng Pangran Mangkubumya ngirih-irih ingkang putra sangět aris angandika kulup wělasa mring bala	Kanjeng Pangeran Mangkubumi membujuk sang putra, sangat lembut katanya, “NAnda kasihanilah prajurirt,
39.	Lan měnawa dhinginana iya wangsite Yyang Sukma dene dadining ngayuda mokal kulup yen sěpiya	Dan kalaupun mendahului petunjuk Hyang Sukma, kalau jadi bertempur tak mungkin Ananda tanpa pendukung.
40.	Dene datan karěm sira wěkasan měngkene ika Risang Murtining Ayuda wěkasan wědhar kang kar- (h. 7) sa	Kalau engkau tidak mau akan berakhir ini.” Sang Unggulan Perang akhirnya terungkap kehendaknya
41.	Mesěm aris angandika Kyai rumiyin kula[7] nyupěna wontěn nuwala ingkang bakta tiyang astha	Tersenyum halus katanya, “Kyai dahulu saya bermimpi ada surat yang membawa (surat itu) delapan orang.
42.	Winaos mungěl měngkana parentah Kur’an punika ing Sinuhun Jěng Sultan	Dibaca, menyatakan demikian, “Perintah Qur’an itu Kepada Sinuhun Kanjeng Sultan

[7] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ngabdul Hamid Irucakra	Abdul Hamid Herucakra
43.	Kabirul Mukmin Sayida Panata Agama Jawa Khalifatu Rasulollah Es(l)am ing Jawa sĕdaya	Kabirul Mukmin Sayida Panata Agama Jawa Khalifatullah Rasulollah Islam di seluruh Jawa.”
44.	Ingkang bĕkta lajĕng musna sĕrat cinĕmplungkĕn toya Kangjĕng Pangran Mangkubumya langkung lĕga ing tyasira	Yang membawa lalu musnah, surat dijatuhkan di air. Kanjeng Pangeran Mangkubumi sangat lega hatinya.
45.	Ing ngarsanira kang rama Kangjĕng Pangran Mangkubumya mapa- (h. 8) n aris angandika eh ta thole Suryenglaga	Dihadapannya ayahanda Kanjeng PangeranMangkubumi lalu berkata dengan halus, “Hai Ananda Suryenglaga
46.	Besuk Senen aprentaha marang sagung putra santana lawan kang para dipatya mantri prajurit kang ana	besok Senin perintahkanlah kepada semua putra dan kerabat, dan para adipati, (serta) mantri prajurit yang ada.
47.	Lan andika Kyai Maja denpĕpak sagung ulama sarip kaji lan pandhita kalihnya matur sandika	Dan engkau Kyai Maja, lengkap semua ulama, sarif haji dan pendeta”> Keduanya menyatakan bersedia.
48.	Mĕngkana wus tan winarna ing dina Sĕnen punika enjing wus pĕpak sĕdaya sagung ingkang siniwaka	Demikianlah tak terceritakan, di hari Senin pagi semua lengkap segenap yang menghadap.
49.	Sampun jumĕnĕng punika Ingkang Sinuhun Kangjĕng Sultan Ngabdul Kamit Herucakra Kabirul Mukmin punika	Sudah dinobatkan Sinuhun Kanjeng Sultan Abdul Hamid Herucakra Kabirul Mukmin.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
50.	Sinaidan para ngulama sarip kaji lan pandhita myang sagung putra santana tanapi kang pra pratiwa	Disujudi para ulama, sarif, haji, dan pendeta, serta semua putra dan kerabat, dan juga para hamba sahaya.
51.	Riwus aluwar nulya[8] langkung lĕga ing tyasira sagung ingkang wadyabala ngulama sokur mring Sukma	Setelah selesai lalu sangat lega hati. Semua para prajurit, ulama bersyukur pada Hyang Sukma.
52.	(h. 9) Riwusnya gĕntya sadina ingkang rama ingaturan nama Panĕmbahan ika Ngabdul Ngarip jĕjuluknya	Setelah berganti hari berikutnya, ayahanda diberi ganjaran nama Panembahan Abdul Arif gelarnya.
53.	Ingkang ibu namanira Kangjĕng Ratu Agĕng ika dene namane kang garwa Kangjĕng Ratu Kĕdhaton ika	Ibunda gelarnya Kanjeng Ratu Ageng. Adapun sang istri Kanjeng Ratu Kedaton.
54.	Wontĕn malih ingaturan nama Ratu Ibu ika kaprĕnah sĕpuh punika lawan suwargi ingkang rama[9]	Ada lagi yang diberi ganjaran gelar Ratu Ibu (karena) pada kedudukan lebih tua (dari) almarhum ayahanda,
55.	Nanging sanes ibunira Kangjĕng Sultan putranira Pangeran Dipanagara pinaringan nama ika	tetapi beda Ibu. Putra Kanjeng Sultan Pangeran Dipanagara gelar yang diberikan.
56.	Kangjĕng Pangeran Dipatya kang putra Den Antawirya mapan pinaringan nama	Kanjeng Pangeran Adipati putrAnda Raden Antawirya, diberi gelar

[8] Kurang satu suku kata.
[9] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangeran Dipanagara	Pangeran Dipanagara.
57.	Wontěn kang paman sajuga Pangeran Jayakusuma pinaringan nama ika Pangeran Ngabei punika[10]	Ada seorang paman Pangeran Jayakusuma diberi gelar Pangeran Ngabei.
58.	Putranya pinundhut nulya mapan pinaringan nama Pangeran Jayakusuma měngkana wus tan winarna	Putranya diangkat lalu diberi gelar Pangeran Jayakusuma, demikianlah tak diceritakan lagi.
59.	(h. 10) Kawarna putra santana lan sagung kang para pratiwa[11] těnapi kang para ngulama pan samya angarsa-arsa	Diceritakan para putra dan kerabat, para punggawa, serta para ulama semua menanti
60.	Mring Jendral wangsulanira ngantos lama antaranya pan samya kenděl kewala dadya sagung samya lena	jawaban dari Jendral sampai beberapa lama. Semua diam saja, jadi semua lengah.
61.	Měngkana ingkang winarna wontěn pandhita kang prapta ing Majasta pondhokira wěsta Mas Lurah punika	Demikianlah diceritakan, ada pendeta yang datang, di Majasta tinggalnya, gelarnya Mas Lurah.
62.	Nanging pandhita lělana saking Ngarab wijilira saestu sarip punika nanging namur nama Jawa	Pendeta pengembara itu dari Arab asalnya, sungguh seorang sarif, tetapi menyamar dengan nama Jawa.
63.	Saking karěm mring Yyang Sukma pan wus supe dhahar nendra	Karena suka (memuja) Hyang Sukma, sudah lupa makan dan tidur,

[10] Lebih satu suku kata.
[11] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	salat wus tan wěktua datan wontěn kendělira	salat tak mengenal waktu, tak pernah berhenti.
64.	Neng Majasta densikara mring Pangran Mangkunagara mapan parentah WělAnda dadya mring Sělarong ika	Di Majasta menjadi disia-siakan oleh Pangeran Mangkunegara, karena perintah Belanda. Lalu (ia) menuju Selarong.
65.	Lan wangsul tan wus apanggya dadya langkung trěsnanira mapan samya amběki- (h. 11) ra pan estu nunggal kang karsa	Tidak kembali sudah bertemu menjadi sangat suka sama perasaannya sungguh sama kehendaknya.
66.	Wus pinaring pondhok ika langgar alit neng jro mapan tunggal kalawan Jěng Sultan samya langgar pondhokira	Sudah diberi pondok, langgar kecil di dalam bersama dengan Kanjeng Sultan di langar pondok yang sama.
67.	Saběn bakda salat Ngisa Mas Lurah sowan punika mring Kangjěng Sultan měngkana pan nuju sarean ika	Setiap selesai salat Isya, Mas Lurah menghadap Kanjeng Sultan. Demikianlah ketika sedang tidur-tiduran,
68.	Mas Lurah anulya prapta lajěng mětěki kang pada sarěng dangu-dangu nulya Mas Lurah medal kang wěspa	Mas Lurah lalu datang, lalu memijat kakinya, setelah beberapa lama, Mas Lurah menetes air matanya.
69.	Kangjěng Sultan ris atanya eh Mas Lurah ana apa pa gene sira karuna Mas Lurah alon aturira[12]	Kanjeng Sultan halus bertanya, “Heh Mas Lurah ada apa? Mengapa engkau menangis?” Mas Lurah perlahan katanya,
70.	Anak Sultan satuhunya sun lamun wruh mring sira	“Ananda sultan sesungguhnya aku kalau melihat dirimu,

[12] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen upama godhong ika kaya sununtal-untala	kalau diumpamakan daun, seperti akan kutelan saja,
71.	Bangět wělas ingsun mring sira Jěng Sultan mesěm ngandika sira wělas pageneya Mas Lurah malih aturnya	sangat kasihan aku padamu.” Kanjeng Sultan tersenyum dan berkata, “Engkau merasa kasihan mengapa?” Mas Lurah berkata lagi,
72.	Sireku mapan kinarya mring Allah kalipah Jawa pan nora pinaring ika kanthi marang wong sajuga	“Anda ini ditakdirkan oleh Allah (menjadi) kalifah Jawa, tidak diberikan teman seorang pun.”
73.	Kangjěng Sultan angandika dene lir wong ngimpi sira pan iki satanah Jawa sun dadi rewangku iya	Kanjeng Sultan berkata, “Mengapa seperti bermimpi engkau, ini seluruh tanah Jawa, menjadi temanku.
74.	Ulama lawan pandhita sarip ngalbet lan suhada mapan akeh tanah Jawa awadene Kyai Maja	Ulama dan pendeta, sarif dan suhada banyak di tanah Jawa, seperti Kyai Maja.”
75.	Mas Lurah aris aturnya kabeh iku geseh padha ing besuk wěkasan iya Jěng Sultan mesěm ngandika	Mas Lurah halus katanya, “Semua itu berseberangan kelak akhirnya.” Kanjeng Sultan tersenyum katanya,
76.	Sěnadyan kabeh geseha ingsun kanthi lawan sira Mas Lurah aris aturnya ingsun iki satuhunya	“Walau semua berseberangan, aku bersama engkau.” Mas Lurah halus katanya, “Aku ini sebenarnya
77.	Pan wus bosěn ana dunya sun prapta sěksi kewala anak iya marang sira	sudah bosan di dunia, aku datang sebagai saksi saja, ya padamu Ananda,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nging amrih sabil kewala	hanya mencari sabil saja.”
78.	Mĕngkana wus tan winarna kawarnaa Kyai Ma- (h. 13) ja lan sagung para ulama tĕnapi kang pra pratiwa	Demikianlah sudah tidak terceritakan. Diceritakan Kyai Maja, dan seluruh ulama, dan juga para punggawa,
79.	Myang sagung putra santana samya ngajĕng-ajĕng ika surat Jendral wangsulana dadya kang tyas samya lena	serta semua putra dan kerabat, semua menunggu-nunggu jawaban surat Jendral, sehingga perasaannya semua terlena.
80.	Tan ana mikir ing yuda pan aming patĕmonira kang samya denarsa-arsa pan langkung katungkulira	Tak ada pikiran untuk perang, hanya pertemuan saja yang ditunggu-tunggu, sangat terlena.
81.	Sagung ingkang Senapatya ing Mĕntaram pan sĕdaya maksih baris neng prĕnahnya ajĕnganira pribadya	Semua Senapati Mataram semuanya masih siap di tempat siaganya masing-masing.
82.	Mangkana panuju ika ing dina Jumungah nulya Kangjĕng Sultan arsa salat lawan sagung pra ulama	Demikianlah saat itu di hari Jum’at Kanjeng Sultan akan salat bersama para ulama.
83.	Anulya mirsa suwara mriyĕm mungĕl tan pantara pĕcalang atur uninga yen mĕsah mĕdali yuda	Lalu mendengar suara meriam berbunyi tidak jauh, mata-mata memeberitahu, kalau musuh memulai serangan,
84.	Langkung kathah balanira Kangjĕng Sultan mapan nulya parentah kinen mĕthukna mring Pangeran Suryenglaga	sangat banyak prajuritnya. Kanjeng Sultan lalu memerintahkan menghadang kepada Pangeran Suryenglaga

No.	Alih Aksara	Terjemahan
85.	Lan Pangran Dipaněgara nanging (h. 14) wus karseng Yyang Sukma wau Pangran Suryenglaga mapan sangět ngubědira	dan Pangeran Dipanegara. Tetapi sudah kehendak Hyang Sukma, Pangeran Suryenglaga sangat kerepotan.
86.	Dadya kang nindhihi yuda nging Pangran Dipanagara kalih atus winětara prajuritra pribadya	Jadi yang memimpin perang hanya Pangeran Dipanagara, dengan sekitar dua ratus prajuritnya sendiri.
87.	Kalawan Jayaněgara kang baris kidul sědaya nging langkung karobanira dadya nging saangsalira	Serta Jayanegara yang berjaga di selatan, tetapi sangat kewalahan, jadi hanya sebisanya.
88.	Pangeran Suryengngalaga ngenggalkěn kědangon ika dadya Jěng Sultan pribadya ingkang nyalirani yuda	Pangeran Suryenglaga sangat lamban, maka Kanjeng Sultan sendiri yang maju perang.
89.	Ingiring kang pra ngulama těnapi Mas Lurah ika Kyai Kwaron Kyai Maja apa dene ingkang rama	Dikawal para ulama, dan juga Mas Lurah, Kyai Kwaron, kyai Maja, dan juga ayahanda.
90.	Kangjěng Paněmbahan ika Ngardi Wijil sampun prapta nulya tinata sědaya apan nědya měthuk ngayuda	Kanjeng Panembahan sudah sampai di Gunung Wijil, lalu semua ditata, karena akan menghadapi serangan.
91.	Kangjěng Sultan ris ngandika wau dhumatěng kang rama suwawi pinara tiga kiyai tiyang punika	Kanjeng Sultan halus katanya kepada ayahanda, “Mari dibagi tiga, Kyai orang-orang itu.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
92.	Sampun angrompol kewala kaki Kwa- (h. 15) ron pan wangsula tĕngga masjid kewala lawan andika dĕdongaa[13]	Jangan menggerombol saja, Ki Kwaron kembalilah menunggu masjid saja, dan Anda berdoalah.”
93.	Ki Kwaron matur sandika wus wangsul mring mĕsjid nulya mĕngkana ingkang winarna Jĕng Pangran Dipanagara	Ki Kwaron menyatakan bersedia, lalu sudah kembali ke masjid. Demikianlah diceritakan, Kanjeng Pangeran Dipanagara
94.	Prapta lan sawadyanira matur sampun tan kuwawa kang mĕngsah langkung gĕngira wus prapta Kĕcĕpik ika	datang bersama prajuritnya, menyatakan sudah tak kuasa karena musuh sanyat banyak, sudah sampai di Kecepik.
95.	Kangjĕng Sultan ris ngandika wau dhumatĕng kang rama suwawi apandum karya sampeyan anindhihana	Kanjeng Sultan tenang katanya kepada ayahanda, “Mari berbagi tugas, Anda memimpin.
96.	Wus tamtu pinĕrtiga Kiyai Maja kang sapantha nulya tinata barisnya sampun karsaning Yyang Sukma	Sudah tentu (pasukan) dibagi tiga, Kyai Maja sebagian. Lalu ditata pasukannya. Sudah kehendak Hyang Sukma
97.	Jalma tan kenging tinata sarĕng denmariyĕm ika samya bubar ngisis nulya ing wingking Jĕng Sultan ika	manusia tak bisa ditata. Ketika mendengar meriam semua lalu bubar berlarian, di belakang Kanjeng Sultan.
98.	Kangjĕng Panĕmbahan ika prapta kalawan Ki Maja nĕrang punapa kang karsa wadya tan kenging ngabĕna	Kanjeng Panembahan datang Bersama Ki Maja, mohon penjelasan yang dikehendaki. Prajurit tak boleh membalas.

[13] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
99.	Kangjĕng Sulta- (h. 16) n angandika Kyai punapa kang karsa kawula narah kewala Kangjĕng Panĕmbahan nĕbda	Kanjeng Sultan berkata, “Kyai apa yang dikehendaki, saya terserah saja.” Kanjeng Panembahan berkata,
100.	Kulup yen dhangan lan sira prayoga mundur kewala wadyanira kaya ora pan wus tan kĕna tinata	“Kalau Anda berkenan, Ananda, sebaiknya mundur saja, prajuritmu sepertinya tak bisa diatur.”
101.	Kyai Maja pan mĕngkana mapan sami aturira lawan Panĕmbahan ika mĕngkana ingkang winarna	Kyai Maja demikian juga sama yang dikatakan dengan Panembahan. Demikianlah diceritakan
102.	Sira Pangran Suryenglaga prapta lan saprajuritnya tĕnapi putra santana nging sampun datanpa karya	Pangeran Suryenglaga datang beserta prajuritnya, dan juga putra dan kerabat, tetapi sudah tak berguna.
103.	Lajĕng kinen mundur ika kĕlangkung dennya kasĕsa kang mĕngsah bĕrĕg kewala lawan ngudani sanjata	Lalu diperintahkan untuk mundur, Sangat tergesa-gesa, musuh sudah mendesak dan menghujani senjata.
104.	Sampun karsaning Yyang Sukma dadya bubrah tatanira tan ana kang kawal yuda lumajĕng sakarsa-karsa	Sudah kehendak Hyang Sukma menjadi rusak tatanannya, tak ada yang maju perang, berlarian semaunya sendiri-sendiri,
105.	Angrĕbat anak rabinya Kangjĕng Sultan kang winarna rangu-rangu lampahira[14]	membawa anak istrinya. Diceritakan Kanjeng Sultan ragu-ragu jalannya

[14] Bait 105 kurang satu baris.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
106.	Marma datan tahan sa- (h. 17) mya mirsa swara mimis ika dadya kesisan ing bala wĕtara nging kawAndasa	karena semua tidak tahan mendengar suara peluru sehingga kehilangan prajurit. Hanya sekitar empat puluh
107.	Ingkang tĕksih dherek ika Kangjĕng Sultan lampahira lajĕng minggah dhatĕng arga kang mĕngsah ngusir kewala	yang masih mengikutinya. Perjalanan Kanjeng Sultan lalu naik ke gunung, musuh selalu mengejar.
108.	Prapta pĕsanggrahan nulya Sĕlarong binĕsmi samya Kyai Kwaron kang winarna mĕksih aneng masjid ika	Sampai pesanggrahan lalu Selarong dibakar semua. Diceritakan Kyai Kwaron masih di dalam masjid,
109.	Lajĕng kinĕpang kewala binĕrondong ing sanjata wantu wus sĕpuh punika datan sagĕd yen kesaha	lalu dikepung diberondong senjata karena sudah usia tak dapat pergi.
110.	Pan lajĕng ginendhong ika binĕkta lajĕng ika dhumatĕng ing muridira nĕrajang mĕ(ng)sah kewala	Lalu digendong lalu dibawa oleh muridnya menerjang musuh saja.
111.	Lajĕng pinĕdhangan ika nanging pitulung Hyang Sukma pĕdhang tan ana tumama kalawan kang gendhong ika	(Ia) lalu dipedang, tetapi karena perlindungan Hyang Sukma pedang tak bisa mengenai terhadap yang menggendong juga.
112.	Nanging kitab Kur'an ika aglar kantun mĕsjid samya lajĕng rinisak sĕ- (h. 18) daya kang mĕsjid binĕsmi nulya	Hanya kitab Qur'an yang tertinggal di masjid lalu semua dirusak. Masjid lalu dibakar.
113.	Kawarna Pangran Disurya	Diceritakan Pangeran Hadisurya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan Pangran Sumanagara atětulung karsanira prapta lawan prajuridnya	dan Pangeran Sumanagara, hendak memberi pertolongan, datang beserta prajuritnya,
114.	Mapan sewu winětara lajěng nusul minggah ngarga wus cundhuk lawan nalendra lajěng anungkěmi pada	sekitar seribu, lalu menyusul naik ke gunung, sudah bertemu dengan raja, lalu mensujudi kaki.
115.	Kangjěng Sultan lěnggah ika aneng sanginggiling guwa ingkang dherek winětara aming kantun kawAndasa	Kanjeng Sultan duduk di atas gua yang mengikuti sekitar hanya tinggal empat puluh.
116.	Kyai Maja munggeng ngarsa lan Pangran Dipanagara lawan Raden Natadirja lan Raden Nataprawira	Kyai Maja di hadapan dengan Pangeran Dipanagara, dan Raden Natadirja, serta Raden Nataprawira,
117.	Paněmbahan pisah ika Sang Nata aris atanya sira gawa bala pira Jěng Pangran aris turira	Panembahan terpisah. Sang Raja halus bertanya, “Engkau membawa berapa prajurit.” Kanjeng Pangeran halus jawabnya,
118.	Sewu antawis kawula nging dereng dha- (h. 19) těng sadaya saking kasěsaning driya Jěng Sultan anantun sigra	“Seribu kurang lebih, tetapi belum semuanya datang karena perasaan tergesa-gesa.” Kanjeng Sultan segera menanyakan
119.	Wau dhumatěng Ki Maja paran měngko kang prayoga apa banjur binanjělna Ki Maja aris aturnya	kepada Ki Maja, “Bagaimana nanti sebaiknya? Apa lalu disusulkan?” Ki Maja halus katanya,
120.	Pan sampun tanggěl punika ingkang riněbat punapa	“Sudah tanggung ini yang (akan) direbut apa?

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	luhung aso tata-tata dhumatěng ing Lepensoka	lebih baik istirahat dan siap-siap menuju Kalisoka.”
121.	Jěng Sultan nurut aturnya nulya aris angandika wus adhi ingsun tarima balanira undurěna	Kanjeng Sultan menuruti sarannya, lalu katanya, “Ya adinda aku setuju prajuritmu diundurkan.
122.	Ingsun arsa aso ika iya maring Kalisoka lawan kabeh dhawahana sakehe kang senapatya	Aku akan istirahat ke Kalisoka, dan semua perintahkanlah, semua senapati,
123.	Kabeh denpadha suměkta WalAnda wus estu cidra Kangjěng Pangran tur sandika sampun lengser saking ngarsa	semua bersiap-siap, Belanda sungguh ingkar.” Kanjeng pangeran menyatakan kesediaannya, sudah mundur dari hadapan
124.	Lan Pangran Sumaněgara Jěng Sultan malih ngandika mring Den Pěngalasan ika la- (h. 20) wan Mas Manguněgara	bersama Pangeran Sumanegara. Kanjeng Sultan berkata lagi kepada Raden Pengalasan dan Mas Mangunegara,
125.	Lah padha sira kariya aneng ing kene kewala mriyěm ingsun Kyai Naga mariyěm sira unekna kalihnya matur sandika[15]	“Kalian tinggallah di sini saja, meriamku Kyai Naga meriam itu engkau nyalakan.” Keduanya menyatakan bersedia.
126.	Jěng Sultan lumampah nulya lawan gamël ngampil ika ingkang dherek salampahnya atěnapi Kyai Maja	Kanjeng Sultan lalu berjalan, beserta tukang kuda yang membawa (perlengkapan). (Adapun) yang mengikuti perjalanannya, adalah Kyai Maja,
127.	Lan Pangran Dipanagara	Pangeran Dipanagara,

[15] Bait 125 Lebih satu baris.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan Raden Natadirĕja tĕnapi Nataprawira lawan Den Jayasĕntana	Raden Natadireja, Nataprawira, dan Raden Jayasentana,
128.	Lan punakawan sajuga Adam Jaka namanira mĕngkana kapĕthuk nulya lan Mas Lurah aneng marga	serta seorang abdi punakawan namanya Adam Jaka. Demikianlah lalu bertemu dengan Mas Lurah di jalan.
129.	Mas Lurah aris atanya Nak Sultan mring ngĕndi sira Kangjĕng Sultan angandika yun aso mring Kalisoka	Mas Lurah bertanya, "Ananda Sultan kemana engkau?" Kata Kanjeng Sultan, "Aku akan istirahat di Kalisoka."
130.	Mas Lurah malih anĕbda bok iya sabil kewala iki Jumĕngah dinanya mapan luwih prayoganya	Mas Lurah berkata lagi, "Lebih baik sabil saja, ini Jum'at harinya, akan sangat baik."
131.	Jĕng Sultan kendĕ- (h. 21) l sĕkala mĕngkana osiking driya wus bĕnĕr Mas Lurah ika yen Sultan linilan Sukma	Kanjeng Sultan lalu terdiam, Demikianlah gejolak hati, benar juga Mas Lurah ini, kalau Sultan atas ijin Sukma,
132.	Sadina iki sirnaa pan aja kongsi kadawa Kangjĕng Sultan angandika mring Pangran Dipanagara	sehari ini sirnalah, jangan sampai berpanjang-panjang. Kanjeng Sultan berkata kepada Pangeran Dipanagara,
133.	Eh kulup prajurit ika saanane tuturana yen sun ayun sabil ika Kangjĕng Sultan mapan nulya	"Hai nak prajurit seadanya beritahulah kalau aku akan sabil." Kanjeng Sultan lalu
134.	Ananđĕrakĕn turangga Girismu namanira	melarikan kudanya, Girismu namanya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tan kantun Mas Lurah ika lan Raden Natadirěja	Tak ketinggalan Mas Lurah dan Raden Natadirja,
135.	Nging sědaya winětara ingkang sarěng ajěngira lawan Jěng Sultan punika Ki Maja ngontel kewala	Hanya semua diperkirakan bersamaan majunya dengan Kanjeng Sultan. Ki Maja mengikuti saja,
136.	Aneng wuri těbih ika kalawan sawarganira Kangjěng Sultan kang winarna lan Mas Lurah sampun prapta	jauh di belakang beserta pasukannya. Diceritakan Kanjeng Sultan dan Mas Lurah sudah sampai
137.	Ěnggene baris WělAnda mapan rěmpěk ajěngira tiyang sěda- (h. 22) sa punika lajěng ingědrel sěnjata	di tempat pasukan Belanda. Serentak majunya sepuluh orang lalu ditembaki senjata
138.	Mariyěm lan kalataka Girismu datan kuwawa nadhahi ing mimis ika dadya ambruk kewala	meriam (besar) dan meriam kecil. Girismu tidak kuat menghadang peluru, sehingga terjatuh.
139.	Kangjěng Sultan mapan nulya tědhak saking ing turangga nging supe tan ngagěm warastra[16] nulyana marmaning Sukma	Kanjeng Sultan lalu turun dari kuda, tetapi lupa membawa senjata, lalu karena kuasa Sukma
140.	Warni cumělthi punika mapan lajěng aneng asta Jěng Sultan naming punika kang kinarya magud yuda	ada sebuah cambuk tiba-tiba ada di tangan Kanjeng Sultan. Hanya itu yang digunakan untuk menyerang.
141.	Mas Lurah pědhang agěmnya Rahaden Natadirěja	Mas Lurah memakai pedang, Raden Natadirja

[16] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan angagěm sanjata lan Raden Nataprawira	memakai senjata, dan Raden Nataprawira,
142.	Tiga Raden Jasěntana sěkawan pun Adam Jaka gangsal Khaji Samsari ika kang samya ngangge sanjata	ketiga Raden Jasentana, keempat Adam Jaka, kelima Haji Samsari yang menggunakan senjata.
143.	Ingkang ngangge waos ika Muhamad Muram wěstanya lan Muhamad Jějěr ika lan Muhamad Jalasutra	Yang memakai tombak Muhamad Muram namanya dan Muhamad Jejer, serta Muhamad Jalasutra,
144.	Muhamad Měla- (h. 23) ngi ika kalawan Seh Ama dika saking Judah wijilira nanging pědhang anggenira	Muhamad Mlangi dan Seh Ama dari Judah (Jedah) asalnya juga pedang yang dipakainya.
145.	Lajěng campuh ing ngayuda susup kukusing sěnjata pan lajěng kuwěl kewala Mas Lurah ing tandangira	(Mereka) lalu bertempur dalam peperangan, asap senjata menjulang lalu beradu terus. Mas Lurah ulahnya
146.	Anglir bantheng tandangira ngiwa něngěn pamědhangnya sědaya mapan měngkana bělasah bangke neng ngarsa	seperti polah banteng ke kiri ke kanan mengayunkan pedang. Demikianlah semuanya bertebaran bangkai di depannya.
147.	Kang samya ngangge sanjata wus tělas kang obat samya nging giněbugkěn kewala saking tyasira tan suda	Yang memakai senjata sudah habis obatnya, hanya dipukul-pukulkan saja, semangatnya tak henti.
148.	Kangjěng Sultan kang winarna mobat-mabit těmbungira wus brastha ingkang pangarsa	Diceritakan tentang Kanjeng Sultan, cambukannya kesana-kemari, sudah menghabisi para pemuka.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ing wuri saya keh prapta	Dari belakang banyak yang datang,
149.	Kapir bělasah bangkenya pan samya pun karsa Hyang Sukma[17] Mas Lurah prapteng sabilnya saking sangět sayahira	kafir bertebaran bangkainya. Semua sudah kehendak Sukma, Mas Lurah tiba sabilnya karena sangat kelelahan.
150.	Tan pasah ingkang salira dadya tunggil kang kunarpa lawan bangke kapir i- (h. 24) ka mangkana ingkang winarna	Badannya tak bisa dikenai senjata. Jasadnya bersama bangkai para kafir. Demikianlah diceritakan,
151.	Rahaden Nataprawira lawan Raden Jayasěntana sampun tělas kang sěndawa lawan tatu wěntisira	Raden Nataprawira dan Raden Jayasentana sudah habis obat (senjatanya) dan terluka betisnya.
152.	Sinangkuh mring kapir ika mulat mring Jěng Sultan ika kělangkung dennya bramatya mobat-mabit těmbungira	(Mereka) disangkur oleh kafir. Kanjeng Sultan melihat (hal itu) sangat membara kemarahannya. Cambukannya kesana-kemari,
153.	Lir supe purwa duksina dadya Den Nataprawira lawan Raden Natadirja katiga Den Jayasěntana	Seperti lupa asal usulnya sehingga Raden Nataprawira, Raden Natadirja bertiga dengan Raden Jayasentana
154.	Prasamya gendholi ika umatur sarwi karuna Jěng Sultan ngaturan nulya mundur aso ing ngayuda	semua mencoba mencegahnya, mengatakan sambil menangis. Kanjeng Sultan lalu diminta mundur berhenti menyerang.
155.	Kinipatakěn kěna nulya na marmaning Sukma Jěng Sultan emut sěkala	Ditepiskan (tak bisa dicegah). Lalu ada kuasa Sukma, Kanjeng Sultan lalu seketika ingat,

[17] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dadya nurut mundur ika	lalu menurut untuk mundur.
156.	Mĕngsah saya kathah ika nanging tan purun bujunga pan among ngĕdrel kewala lawan mariyĕm punika	Musuh semakin banyak, tetapi tak mau mengejar, hanya menembaki saja dengan meriam.
157.	Jĕng Sultan laju lampahnya mundur marang Kaliso- (h. 25) ka anĕnggih ingkang winarna Pangeran Dipanagara	Kanjeng Sultan meneruskan perjalanan, mundur ke Kalisoka. Demikianlah diceritakan, Pangeran Dipanagara
158.	Lawan Pangalasan ika katiga Mangunĕgara prapta sarta bĕkta bala arsa tĕtulung yuda	dan Pangalasan, yang ketiga Mangunegara datang membawa serta prajurit akan membantu dalam pertempuran.
159.	Wus panggih sapih kang yuda lan kĕsaput dalu ika anulya wangsul kewala dhumatĕng ing Lepensoka	Mendapati telah lerai pertempuran dan tibanya malam, lalu kembali menuju ke Kalisoka,
160.	Sampun panggih lan kang rama Jĕng Sultan ingkang winarna pan kĕndul sucanira kalih tan sagĕd mungua	sudah bertemu dengan ayahanda. Diceritakan Kanjeng Sultan, bengkak matanya keduanya tak bisa terbuka.
161.	Ingkang lajĕng sabilira pandhita Mas Lurah ika lan Muhamad Mulangika Muhamad ing Jalasutra	Adapun yang mati sabil (adalah) Pendeta Mas Lurah, Muhamad Mlangi, Muhamad Jalasutra,
162.	Lawan Lurah Gamel ika Mas Talisĕkar namanya nging kapir tumpuk bangkenya mĕngkana ingkang winarna	dan Lurah Gamel, Mas Talisekar namanya. Bangkai kafir bertumpuk. Demikianlah diceritakan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
163.	Wau Pangran Bei prapta lan Pangran Jayakusuma lajěng ngaturi usada dhumatěng Jěng Sultan nulya	Pangeran Bei datang dengan Pangeran Jayakusuma, lalu mengobati Kanjeng Sultan.
164.	Winarna naraha Den Ri- (h. 25)[18] ya Natarěja mapan prapta saking ing Kědhu punika běkta bala kawAndasa	Diceritakan adalah Raden Riya Natareja datang dari Kedu membawa empatpuluh prajurit.
165.	Wus panggih lawan Ki Maja lajěng kinengken anulya ngaturi Jěng Sultan ika lengser saking Lepensoka	Sudah bertemu dengan Ki Maja, lalu diminta segera memohon Kanjeng Sultan meninggalkan Kalisoka.
166.	Esmu ajrih aturira Kangjěng Sultan ris atanya iki sapa ingkang prapta Den Riya gugup aturnya	Dengan agak ketakutan dia memohon. Kanjeng Sultan tenang katanya, “Ini siapa yang datang?” Raden Riya gugup katanya,
167.	Kawula pun Natarěja yen parěng tur prayogika yen Paduka tan lengsera Sinuhun sing Lepensoka	“Hamba Natareja. Kalau boleh menyarankan, Paduka sebaiknya meninggalkan Kalisoka, Sinuhun.
168.	Tan wande kiněpung ika lamun Paduka lengsera tinututan dugi amba mesěm Jěng Sultan ngandika	Pasti (akan) dikepung. Kalau Paduka tinggalkan, terselamatkan perkiraan saya.” Tersenyum Kanjeng Sultan katanya,
169.	Eh ta iya Natarěja yen wus mělek netraningwang ingsun bali maning uga maring Sělarong banjěl yuda	“Ya Natareja kalau sudah terbuka mataku, aku akan kembali lagi ke Selarong maju perang.”

[18] Seharusnya halaman 26

No.	Alih Aksara	Terjemahan
170.	Měngkana ingkang winarna sarěng enjang samya prapta Kanjěng Paněmbahan ika (h. 27) lan Pangran Prabu anulya	Demikianlah diceritakan, keesokan hari datanglah Kanjeng Panembahan dan Pangeran Prabu lalu
171.	Tumingal dhatěng kang putra kějěp kalih netranira Paněmbahan mapan nulya angrangkul sarwi karuna	melihat sang putra, berkedip kedua matanya. Panembahan lalu memeluk sambil menangis
172.	Pan sarwi angandika eh nyawa ingsun tan nyana lamun katěmu lan sira Jěng Sultan aris ngandika	serta berkata “Hai nak aku tak mengira kalau bertemu denganmu.” Kanjeng Sultan halus katanya,
173.	Kyai Tuwan kenděla kawula těksih waluya měngkana marmaning Sukma wětara ing kalih dina	“Tenanglah Tuan Kyai, saya masih selamat.” Demikianlah karena kuasa Sukma, sekitar dua hari kemudian
174.	Jěng Sultan dhangan grěrahnya lan wadya wus sami prapta mapan lajěng siniwaka Paněmbahan munggeng ngarsa	Kanjeng Sultan sembuh sakitnya. Prajurit semua sudah datang, lalu duduk di penghadapan. Panembahan di depan,
175.	Atěnapi Kyai Maja jajar Pangran Bei ika lan Pangran Dipanagara Pangran Prabu jajarira	dan juga Kyai Maja bersebelahan dengan Pangeran Bei dan Pangeran Dipanagara, Pangeran Prabu sebelahnya.
176.	Pangeran Suryengalaga tinimbalan datan prapta měngkana rěmbukan nulya Kangjěng Sultan ris ngandika	Pangeran Suryenglaga dipanggil tidak datang. Demikianlah lalu berunding, Kanjeng Sultan halus katanya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
177.	Wau dhumatĕng kang rama Kyai kajĕng kawula su- (h. 28) wawi apandum karya sampeyan ingkang rumĕksa	kepada ayahanda, “Kyai saya menghendaki, mari kita berbagi tugas. Anda yang mengendalikan
178.	Dhumatĕng repot sĕdaya mrih sampun keron tyas kula lawan paman Prabu ika sĕdaya mangsa bodhoa	semua pasukan. Supaya tidak bimbang hati saya besertalah paman Prabu. Semua (saya) pasrah.”
179.	Panĕmbahan tan lĕnggana nanging Pangran Prabu ika tyasira kĕdah sudira pan sangĕt gennya lĕnggana	Panembahan tidak menyanggupi. Tetapi Pangeran Prabu hatinya harus berani, sangat tidak menyetujui.
180.	Mapan rĕmĕn dherek yuda Jĕng Sultan nurut ika mapan wus dadya rĕmbagira[19] Kangjĕng Panĕmbahan nulya	Sebab senang ikut bertempur, Kanjeng Sultan menyetujui. Sudah sepakat pembicaraannya. Kanjeng Panembahan lalu
181.	Pamitan dhatĕng kang putra linilan salaman nulya neng Gĕgulu repot samya mapan wus datan winarna	berpamitan kepada sang putra, diijinkan lalu bersalaman. Di Gegulu semua pasukan, sudah tidak diceritakan.
182.	Kangjĕng Sultan kawarnaa anantun dhatĕng Ki Maja lawan ingkang paman ika tĕnapi kang pra pratiwa	Diceritakan Kanjeng Sultan bertanya kepada Ki Maja dan pamanda, beserta para punggawa,
183.	Prakawis tingkahe yuda Pangran Ngabei aturnya pan mĕngsah malih barisnya Sĕlarong Mangir punika	tentang siasat perang. Pangeran Bei katanya, “Musuh berkubu di Selarong dan Mangir,

[19] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
184.	Sumangga karsa Na- (h. 29) lendra Kangjěng Sultan angandika kados punapa saenya mapan benjing enjing kula	terserah kehendak Raja." Kata Kanjeng Sultan, "Bagaimana sebaiknya? Besok pagi saya
185.	Mapan ayun magut yuda Pangeran Bei aturnya kalawan Kyai Maja yen parěng karsa Nalendra	akan maju perang." Kata Pangeran Bei Dan Kyai Maja, "Kalau Raja berkenan
186.	Kějawi sarěng kewala sinabět měsah punika mrih sampun ngeroni yuda Kangjěng Sultan angandika	kecuali bersama saja menyerang musuh, supaya tidak mangacaukan serangan." Kata Kanjeng Sultan,
187.	Pundi kang agěng barisnya Pangran Ngabei turira Sělarong warti punika kějawi karsa Nalendra	"Mana yang besar pasukannya?" Kata Pangeran Bei, "Konon Selarong. Kalau Raja mengizinkan,
188.	Mas putu Dipaněgara lan Kangmas Prabu punika ing Mangir dipunsaběta prajurit kidul sědaya	cucunda Dipanegara dan kakanda Prabu menyerang Mangir. Semua prajurit dari selatan
189.	Punika dentindhihana kějawi Jayaněgara wontěna ngarsa Nalendra sampun dados rěmbagira	itu dipimpin Jayanegara, kecuali ada kehendak Raja." Sudah sepakat perundingannya.
190.	Enjang nulya budhal ika sumahap kang wadya kuswa marěngi Isne- (h. 30) n kang dina mapan sarěng budhalira	Pagi harinya lalu berangkat bersama-sama semua prajurit. Saat hari Senin (mereka) berangkat bersama.
191.	Datan winarna ing marga	Tak diceritakan di jalan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Kangjěng Sultan Sělarong prapta kang měsah panggih sěpika lajěng měsanggrahan nulya	Kanjeng Sultan tiba di Selarong. Musuh sudah sepi (pergi) lalu beristirahat.
192.	Ngukup Mas Lurah layonnya datan mantra yen palastra pan kadya nendra kewala lawan wětah kang salira	(Mereka) merawat jenazah Mas Lurah, tak mengira kalau wafat, karena seperti tidur saja dan badannya utuh
193.	tan wontěn tilas warastra sato tan purun cělak-a gandanira kang salira arum lir garu cěndhana	tak ada bekas senjata. Binatang tak mau mendekati. Bau tubuhnya harum bagai gaharu cendana.
194.	Kangjěng Sultan rasukannya kinarya ngurmati ika kěpanggih těngah bangkenya sakehe kapir sadaya	Kanjeng Sultan berbusana untuk menghormati (jenazah). (Jasad Mas Lurah) ketemu di tengah bangkainya, (diantara) semua kafir.
195.	Dening kapir bangkenira tinědha gagak myang sona Jěng Sultan tahan ika[20] mambět kapir bangkenira	Adapun bangkai kafir dimakan gagak dan anjing. Kanjeng Sultan (tidak) tahan bau bangkai kafir.
196.	Měngkana wus tan winarna yata ingkang kawarnaa Pangeran Dipanagara lan Pangeran Prabu ika	Demikianlah sudah tak diceritakan. Adapun yang diceritakan Pangeran Dipanagara dan Pangeran Prabu
197.	Angsal pitulung Hyang (h. 31) Sukma dhadhal kapir barisira kang wontěn Mangir punika běsmeni samarga-marga	mendapat karunia Hyang Sukma. Pasukan kafir hancur. (Jasad kafir) yang ada di Mangir dibakar sepanjang jalan.
198.	Wus prapta Sělarong ika	Sudah tiba di Selarong

[20] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangeran Dipanagara lan Pangeran Prabu nulya cundhuk lan Jĕng Sultan ika	Pangeran Dipanagara dan Pangeran Prabu lalu bertemu dengan Kanjeng Sultan.
199.	Sampun katur saneskara mĕngkana wus tan winarna sarĕng enjang mĕngsah prapta saking nigari[21] Ngayogya	Sudah disampaikan semuanya, demikianlah sudah tidak diceritakan. Pagi harinya musuh datang dari negeri Yogyakarta.
200.	Nging pinalih lampahira Kangjĕng Sultan nantun ika dhumatĕng Kyai Maja lan Pangeran Ngabei ika[22]	Lalu dibagi dua perjalanannya. Kanjeng Sultan meminta pendapat kepada Kyai Maja dan Pangeran Bei.
201.	Gya samya pinalih nulya Pangeran Dipanagara lan Pangeran Prabu ika ingkang kinen nindhihana	Lalu semua dibagi dua, Pangeran Dipanagara dan Pangeran Prabu yang diminta memimpin
202.	Ingkang sĕpalih punika kalihnya matur sandika sampun lengser saking ngarsa kalawan sawadyanira	yang sebagian. Keduanya menyatakan bersedia. Sudah mundur dari hadapan beserta pasukannya.
203.	Bupati nĕnĕm punika Pĕngalasan tindhihira lajĕng campuh ing ngayuda (h. 32) tan wontĕn ingkang kuciwa	Enam bupati Pengalasan pimpinannya lalu bertarung dalam pertempuran tak ada yang terkalahkan.
204.	Dene kang sĕpalih ika Rahaden Jayanagara kang tinuding nadhahana lawan Mas Mangunagara	Adapun yang sebagian Rahaden Jayanegara yang diperintahkan mengawal dengan Mas Mangunagara,

[21] Sesuai konteks dibaca: *nĕgara*
[22] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
205.	Tiga Tuwan Sarip ika Jěng Sultan lěnggah kewala aneng pěkarangan ika ningali ingkang ayuda	ketiga Tuan Sarif. Kanjeng Sultan duduk saja di halaman (pesanggrahan) menyaksikan pertempuran.
206.	Kělangkung ing ramenira kapir kathah kang palastra Eslam pan lujěng kewala měngkana ingkang winarna	Sangat ramai kafir banyak yang tewas Islam semua selamat. Demikianlah diceritakan,
207.	Pan lagya ramening yuda wontěn wong lumajěng ika mapan ngaturi uninga mring Pangran Dipanagara	ketika sedang ramai jalannya pertempuran, ada seseorang berlari-lari memberitahu kepada Pangeran Dipanagara,
208.	Gusti Jěng Rama Paduka sampun kasěsěr ngayuda kagyat Jěng Pangeran nulya ingundurakěn kang wadya	Paduka Kanjeng Gusti ayahanda sudah terdesak dalam pertempuran. Terkejut Kanjeng Pangeran lalu memundurkan prajuritnya,
209.	Lawan ngaturi uninga dhumatěng kang eyang ika Pangeran Prabu ngaturan mapan mundura kewala	dan memberitahu pada kakeknda (bahwa) Pangeran Prabu diminta mundur saja.
210.	Dadya samya kagyatira sampun bubrah tatanira wus kesah (h. 33) ingkang wawěrta wadya tinata tan kěna	Jadi semua terkejut, sudah rusak tatanannya, sudah pergi yang memberi berita, prajurit tak bisa ditata.
211.	Kapir lumuntak sědaya mring Jěng Sultan ngarsanira Ki Maja atur uninga punika putra Paduka	Kafir semua tumpah ruah. Kanjeng Sultan di hadapan, Ki Maja memberitahu, “Putra Paduka
212.	Kados kasěsěr juritnya	sepertinya terdesak perangnya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sampun mundur saking ngarga Jěng Sultan kělangkung marma dhatěng Raden Jayaněgara	sudah mundur dari gunung.” Kanjeng Sultan sangat kasihan kepada Raden Jayanegara.
213.	Kapir saya kathah prapta lajěng kinen nimbalana sědaya sabalanira wus mundur dhatěng ing arga	Kafir semakin banyak berdatangan, lalu memerintahkan memanggil semua prajurit. Sudah mundur dari gunung,
214.	Lawan Kangjěng Sultan nulya prapta ing Kěrebet panggya lan Pangran Dipanagara pan sampun pěpak sědaya	beserta Kanjeng Sultan lalu tiba di Karebet bertemu dengan Pangeran Dipanagara. Sudah lengkap semuanya,
215.	Lawan kathah ingkang prapta wadya kang nusul punika mapan saking Lepensoka Jěng Sultan kenděl karsanya	dan banyak yang datang, prajurit yang menyusul itu dari Kalisoka. Kanjeng Sultan ingin berhenti.
216.	Mapan lagya dhahar ika kěsaru na mungsuh prapta pan nanging husar kewala kědhik mapan nanging winětara[23]	Ketika sedang bersantap, tiba-tiba datang musuh, hanya *hussar* saja, sedikit kira-kira
217.	KawAndasa mapan nulya kiněpung husar puni- (h. 34) ka pan lajěng kenděl kewala datan sagěd yen kesaha	empat puluh lalu dikepung *hussar* itu lalu diam saja tak bisa pergi.
218.	Riwusnya dumugi samya genipun dhahar sědaya Pangran Ngabei aturnya dhumatěng Jěng Sultan ika	Setelah selesai (mereka) bersantap, Pangeran Bei mengatakan kepada Kanjeng sultan,
219.	Punapa tan sinaběta	“Apakah tidak dicambuk (saja)

[23] Lebih dua suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	inggih Wĕlandi punika Kangjĕng Sultan angandika mapan tanggĕl kalih nistha	Belanda ini? Kanjeng Sultan katanya, “Tanggung dan nista.”
220.	Wĕlandi bingung punika kĕdhik lawan niaya suwawi lajĕng kewala mring Tĕrucuk kajĕng kula	Belanda bingung hanya sedikit siksaan. Mari terus saja, ke Trucuk tujuanku.”
221.	Jĕng Sultan nitih turangga pun Girismu punika[24] Gĕthayu pan nuju ika mapan kinarung kewala	Kanjeng Sultan menunggang kuda Girismu, sedangkan Gethayu hanya membawa beban saja.
222.	Sampun karsaning Hyang Sukma pisah lintu marginira ingkang husar kawAndasaa sapungkurira Nalendra	Sudah kehendak Hyang Sukma, terpisah lain jalan, keempatpuluh *hussar* sepeninggal Raja,
223.	Pan lajĕng ambujung ika mring wadya kang kantun samya lan kancanya sampun prapta pun Gĕthayu kang winarna	lalu dikejar oleh prajurit yang tertinggal dan temannya yang sudah datang. Diceritakan Gethayu,
224.	Binujung mring husar ika kĕlangkung dennya gu- (h. 25) mbira pan lajĕng uwal punika mĕdhot pisah gamĕlira	Dikejar oleh *hussar,* sangat senangnya, lalu lepas putus pisah dari tukangnya.
225.	Lajĕng kinĕpung kewala Gĕthayu ngamuk lir yĕksa binĕstul pinĕdhang ika Gĕthayu datan tumama	Lalu dikepung saja, Gethayu ngamuk seperti raksasa, ditembak dipedang Gethayu tidak mempan.
226.	Kapir katungkul sĕdaya	Kafir semua kalah,

[24] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ayuda lawan turangga dadya datan angsal jalma meh prapta ing Lepensoka	bertempur melawan kuda, jadi tak mendapatkan orang. Hampir tiba di Kalisoka,
227.	Gěthayu kěpaluh ika pan lajěng palastranira nanging iku angsal bela Wělandi sěkawan ika	Gethayu terjerembab ke dalam lumpur lalu tewas, tetapi mendapat ganti yakni empat Belanda
228.	Kang pějah neng sandhingira měngka[25] wus tan winarna Kangjěng Sultan kawarnaa ngalih pěsanggrahanira	yang tewas di sampingnya. Demikianlah sudah tidak diceritakan. Diceritakan Kanjeng Sultan, pindah pesanggrahannya,
229.	Mapan neng Těrucuk ika kapir Mangir barisira sadina-dina ayuda pan dereng wontěn kuciwa	di Trucuk. Pasukan kafir Mangir setiap hari berperang, belum ada yang terkalahkan.
230.	Repot giris manahira saběn dina mirsa yuda dadya rěmbag ngalih samya dhumatěng Kulur sědaya	Prajurit merasa ketakutan, setiap hari melihat peperangan, lalu berunding semua pindah ke Kulur semuanya.
231.	Měngkana wus tan winarna kawarnaa ingkang yuda Jěng Sulta- (h. 36) n asring kuciwa pan kongsi nyabrang Prěraga	Demikianlah sudah tidak diceritakan. Diceritakan tentang pertempurannya, Kanjeng Sultan sering terkalahkan, hingga menyeberangi Praga.
232.	Pan ngalih sampun punika Jěng Sultan pěsanggrahannya Jěng Pangran Ngabei ika umatur lawan Ki Maja	Sudah berpindah Pesanggrahan Kanjeng Sultan. Kanjeng Pangeran Bei dan Ki Maja mengatakan,
233.	Yen parěng karsa Nalendra	“Kalau Raja berkenan,

[25] Sesuai konteks dibaca: *měngkana*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	prayogi kanca Bulkiya punika tinimbalana kinen měthuk yudanira	Sebaiknya prajurit Bulkiya dipanggil, diminta menghadapi peperangan
234.	Dhumatěng kapir punika Kangjěng Sultan ris ngandika mapan Kědhu lir punapa bilih kapir malih ngrěda	dengan kafir itu.” Kanjeng Sultan halus katanya, “Kalau Kedu bagaimana? Mungkin kafir semakin banyak
235.	Dados saya awatira Pangeran Ngabei aturnya binantu kang senapatya kadugi kalih botěnnya	jadi semakin mengkhawatirkan.” Kata Pangeran Bei (akan) dibantu Senapati, mampu atau tidaknya
236.	Ruměksa bawah punika kalih sampun kathahira didalěm Kědhu sadaya kados botěn yen pepeka	Menjaga bagian bawah sudah dua banyaknya. Semua abdi Kedu sepertinya cukup handal.
237.	Ruměksa bawah punika kados yen botěn pepeka tinilar kanca Bulkiya pan sampun rěmbag sadaya	Menjaga bagian bawah sepertinya sudah handal, ditinggal Prajurit Bulkiya, semua sudah sepakat.
238.	Sagunging kanca Bu- (h. 37) lkiya kinarya pangirid yuda Jěng Sultan nurut turira kang paman lawan Ki Maja	Semua prajurit Bulkiya sebagai pengawal perang. Kanjeng Sultan menurut perintah pamanda dan Ki Maja.
239.	Lajěng kinen nimbalana gandhek kang lumampah ika gěgancangan lampahira datan winarna ing marga	Lalu diperintahkan memanggil, kurir yang hendak melaksanakan, bergegas jalannya. Tak diceritakan di jalan,
240.	Ing pěsantren sampun prapta gandhek panggih lan Bulkiya	sudah sampai di pesantren. Kurir bertemu dengan Bulkiya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Ngusman lan Basah ika lajěng měpak senapatya	Ki Ngusman dan Basah lalu menetapkan Senapati.
241.	Ing Kědhu pinara tiga sakilen Ngelo punika pan kalih senapatinya něnggih Pangran Natapraja	Di Kedu dibagi tiga, di sebelah barat Ngelo, dua senapatinya, yaitu Pangeran Natapraja
242.	Mapan kělawan kang raka Pangran Mangkudiningrat ika kang wetan Ngelo sědaya Pangran Pakuningrat ika	dan kakanda pangeran Mangkudiningrat. Di timur Ngelo semua, Pangeran Pakuningrat,
243.	Tinantun samya kaduga ruměksa Kědhu sědaya Ki Ngusman Li Basah nulya budhal sakancanira	Ditanya semua sanggup menjaga Kedu semuanya. Ki Ngusman dan Ali Basah lalu berangkat bersama pasukannya.
244.	Saking ing pěsantren ika kang ngirit gandhek punika datan winarna ing marga lampahira sampun prapta	Dari Pesantren yang mengawal kurir. Tak diceritakan di jalan, perjalanannya sudah sampai.
245.	Wus cundhu- (h. 28) k Jěng Sultan nulya sagung prajurit Bulkiya sampunira ngaras pada lajěng pinasrahan karya	Sudah bertemu Kanjeng Sultan lalu semua prajurit Bulkiya, setelah menghormati mencium kaki kemudian diberi tugas.
246.	Kapir Mangir barisira dadya lět Praraga[26] nulya pirěmbagan samya yun nyabět mring kapir ika	Pasukan kafir Mangir hanya berjarak Praga. Lalu semua berunding akan menghantam kafir itu.
247.	Sampun dados rěmbagira Jěng Pangran Dipanagara	Sudah jadi kesepakatan, Kanjeng Pangeran Dipanagara

[26] Kurang dua suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan ingkang eyang ika Jěng Pangran Prabu ika	dan kakeknda Kanjeng Pangeran Prabu
248.	Kanthi prajurit Bulkiya mapan kinen medal ika ing Gěgulu prajuritnya Ki Muhamad Ngusman ika	dengan Prajurit Bulkiya, diperintahkan melalui Gegulu prajuritnya. Ki Muhamad Ngusman
249.	Li Basah wus makat[27] samya saking ngarsa Nalendra Rahaden Jayanagara lan Den Pěngalasan ika	Ali Basah sudah berangkat bersama dari hadapan Raja. Raden Jayanegara dan Raden Pengalasan
250.	Wus mangkat sakancanira ingkang dadya tindhihira Kangjěng Pangeran punika Ngabei lawan kang putra	sudah berangkat dengan pasukannya. Yang menjadi pimpinan adalah Kanjeng Pangeran Ngabei dan putranya
251.	Pangeran Jayakusuma medal ing Cecelan ika wus samya nyabrang Prěraga campuh ing ngayuda	Pangeran Jayakusuma. melalui Cecelan. Semua sudah menyeberang ke Praga, bertarung dalam pertempuran
252.	Kala- (h. 39) wan kapir punika mapan samya purunira měngkana ingkang winarna Pangeran Dipanagara	melawan kafir. Sama kekuatannya. Demikianlah diceritakan, Pangeran Dipanagara
253.	Lawan prajurit Bulkiya sampun anyabrang Pěraga nulya něrombol ayuda wong kapir langkung bingungnya	dan prajurit Bulkiya sudah menyeberang Praga, lalu menyerang bertempur. Orang kafir sangat kebingungan
254.	Dadya bubrah tatanira mapan kathah kang palastra	jadi rusak tatanannya, banyak yang tewas.

[27] Sesuai konteks dibaca: *mangkat*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wong Islam lumajĕng sĕdaya dadya kalindhih yudanya	Orang islam semua mengejar jadi (kafir) kalah perangnya.
255.	Kapir lumajĕng sĕdaya angungsi dhumatĕng Yogya pan kĕkecer bangkenira binujung samarga-marga	Kafir semua lari mengungsi ke Yogyakarta, bangkainya tercecer. (Kafir) dikejar sepanjang jalan,
256.	Kaping kalih mariyĕmnya mapan wus atur uninga dhumatĕng Jĕng Sultan nulya dhumatĕng sabrang Prĕraga	dua kali dimeriam. Sudah diberitahukan kepada Kanjeng Sultan lalu menuju seberang Praga.
257.	Dhinerek kang pra ngulama lajĕng mĕsanggrahan ika aneng Sĕkar Agĕng nulya wĕtara satĕngah candra	Diantar para ulama lalu beristirahat di Sekar Ageng sekitar setengah bulan.
258.	Kapir tan mĕdali yuda angĕntosi bantunira ingkang saking Surakarta mĕngkana pan sampun prapta	Kafir tidak menyerang, menunggu bantuan dari Surakarta. Demikianlah sudah datang
259.	Sĕdaya nagri Nga- (h. 40) yogya anĕngna kang winarna ing Sĕkar Agĕng punika mapan pĕpak pra ngulama	semua di negeri Yogyakarta. Hentikan cerita (tentang perang). Dikisahkan (yang ada) di Sekar Ageng lengkap para ulama.
260.	Marĕngi Mulud wulannya dalu sagung pra ngulama kalawan wadya Bulkiya samya sĕlawatan ika	Saat bulan Maulud di malam hari, semua ulama dan prajurit Bulkiya, semua (mengadakan) ‘selawatan.’
261.	Seh Ngabdul Rakup punika ngulami agĕng punika eh ta kanca ingkang nĕdya	Seh Abdul Rauf ulama besar “Hai saudara yang ingin

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	marga kang utama[28]	di jalan utama,
262.	Pan iki kěparěng uga Kangjěng Rasul babarira lawan mundi kang paněDha nging geseh taun kewala	ini diperkenankan Kanjeng Rasul menyampaikan dengan permohonan hanya berbeda tahun saja.
263.	Kalamun sabil utama sabab tabek nabinira dadya rěmbag golong samya tan ana kumambang driya	Kalau sabil itu utama sebab direstui Nabi. Jadi semua sepakat tak ada hati yang mengambang.

[28] Kurang dua suku kata.